
Echantillon Kontra Enskripsyon nan Child Health Plus
1ye Janvye 2023

Nouvo kontra sa a pote chanjman nan kontra enskripsyon w lan lè I ajoute avantaj ki vin annapre yo:

Sèvis Tretman Efikas Ki Disponib nan Kominote a. N ap peye pou Sèvis Tretman Efikas Ki Disponib nan Kominote a (Assertive Community Treatment Services, ACT), ACT pou Jèn Moun Ki Majè ak ACT pou Adolesan. Referans lan dwe sòti nan men yon doktè oswa yon lòt founisè k ap evolye nan pratik gerizon ki gen lisans pou sa a, nan domèn yo ye a daprè Lwa Eta a, pou yon rediksyon maskimòm nan andikap fizik oswa entèlektyèl epi mete benefisyè a nan yon pi bon nivo ki pèmèt li fonksyone ankò.

Zouti Medikal. N ap peye pou Zouti Medikal yon founisè te kòmande pou trete yon kondisyon medikal presi e moun ka konsome, ki pa ka itilize yon dezyèm fwa, yo ka jete e ki pou yon objektif presi e an jeneral ki pa gen okenn posibilité pou repare l.

Sèvis pou Ranje Dan pou yon Pwoblèm Dan ki Defòme ki Grav. N ap peye pou sèvis pou ranje dan pou yon pwoblèm dan ki defòme ki grav. Li obligatwa pou gen yon otorizasyon alavans pou sèvis pou ranje dan an. Sèvis yo gen ladan yo swen pou dan ki defòme yon fason grav ki fèt yon sèl fwa nan tout lavi manm ki kalifye a yo pral ranbouse l pandan yon maksimòm twa lane swen pou ranje dan, ak yon ane swen pou travay ki fèt la ka pa deranje. Lòt tretman ki fèt si pwoblèm nan retounen pa kouvari. Dwe gen apwobasyon pou tretman an epi terapi aktif la dwe kòmanse (aparèy yo mete e ki aktive) anvan manm nan gen 19 lane.

Sèvis Avyon Anbilans. N ap peye pou sèvis avyon anbilans pou maladi oswa eta sante ki grav anpil, ki mete lavi moun nan an danje; transpò rapid nesesè pou diminye danje lanmò ki prezante oswa si eta pasyan an ap vin pi grav; transpò ki pase atè pa apwopriye pou pasyan an; oswa materyèl pou sove lavi ak swen medikal avanse nesesè pandan transpò a.

Transpò pou fè deplasman sot nan yon batiman al nan yon lòt. N ap peye pou transpò ki pase atè pou sot nan yon batiman al nan yon lòt lè sèvis sa yo se transpò ijan. Sa gen ladan l transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sant Sikiyatri; transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sant Twoma/Swen pou pwoblèm Kè/Kote yo mete moun ki boule; transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sal Ijans ak transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Lòt Batiman. Otorizasyon alavans pa obligatwa.

Sèvis Sipò ak Tretman Pou Timoun ak Fanmi. N ap peye pou Sèvis Sipò Ak Tretman pou Timoun ak Fanmi. Sèvis sa yo ka disponib nan kominité kote timoun/adolesan ap viv, al lekòl ak/oswa patisipe nan sèvis yo. Sèvis yo gen ladan: Sèvis Lòt Pwofesyonèl ki gen Lisans (OLP) bay, Entèvansyon lè gen ijans, Sipò ak Tretman nan domèn Sikiyatri ki disponib nan Kominote a (CPST), Sèvis Reyadaptasyon Sikolojik, Sèvis Sipò pou Fanmi nan men moun ki nan menm pozisyon an, Sipò pou Adolesan nan men jèn ki nan mem sitiayson an.

Sèvis Debaz Ki Gen Rapò ak Limitasyon Sante. N ap peye pou Sèvis ki gen Rapò ak Sante Debaz ki Limite nan yon Ajans Plasman Familyal Volontè (VFCA)/Etabliman Sante 29-I) Sèvis sante ak swen sante pou konpòtman dwe respekte prensip rezonab e ki akseptab pou pratik nan domèn sante yo jan Eta a deside pou sa fèt daprè òganizasyon sante moun konnen. Sèvis yo gen ladan yon senk Sèvis Debaz Ki Gen Rapò ak Limitasyon Sante ki vin annapre yo: Sèvis

ranfòsman konpetans; Sèvis Enfimyè; Planifikasyon Tretman ak Planifikasyon pou moun nan kite lopital la; Sèvis konsiltasyon/sipèvizyon klinik ak Lyezon/Responsab VFCA Child Health Plus.